

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), karakteristik kapamingpinan Sunda dumasar naskah Sunda kuno *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* (parigeuing, dasa pasanta, pangimbuhning twah, jeung opat panyaraman), jeung ajén étnopédagogi kasundaan (pengkuh agamana, luhung élmuna, jembar budayana, jeung rancagé gawéna). Data dina ieu panalungtikan mangrupa sakabéh carita nu aya dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira, utamana anu aya patalina jeung struktur novel sajarah *Mantri Jero*, karakteristik kapamingpinan Sunda dina novel sajarah *Mantri Jero*, jeung ajén étnopédagogi dina novel sajarah *Mantri Jero*. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta 1) tiori struktural Robert Stanton, anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra, 2) tiori tatakrama kapamingpinan Sunda dumasar naskah Sunda kuno *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*, anu ngawengku parigeuing, dasa pasanta, pangimbuhning twah, jeung opat panyaraman, saterusna 3) ajén étnopédagogi kasundaan R. Hidayat Suryalaga, anu ngawengku pengkuh agamana (*spiritual quotient*), luhung élmuna (*intellectual quotient*), jembar budayana (*emotional quotient*), jeung rancagé gawéna (*actional quotient*). Métode jeung téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif, sedengkeun instrumén anu digunakeunna dina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua nyaéta instrumén pikeun ngumpulkeun data jeung instrumén pikeun ngolah data. Instrumén pikeun ngumpulkeun data nyaéta instrumén céklis buku sumber, sedengkeun instrumén dina ngolah data mangrupa kartu data struktural, kartu data karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung kartu data ajén étnopédagogi.

Struktur carita dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira kapaluruh ayana téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Téma anu diangkat dina ieu novel sajarah téh nyaéta prosés atikan kapamingpinan Radén Yogaswara pikeun disiapkeun jadi Mantri Jero dina kaayaan konflik pulitik padaleman Nagara Tengah nu aya dina kakawasaan Mataram. Éta hal bisa

katitén tina sababaraha pasualan-pasualan anu dikumpulkeun jeung dianalisis. Saterusna ieu novel téh miboga runtuyan carita jeung kajadian, atawa anu biasa disebut galur. Galur anu digunakeun ku pangarang dina ieu carita téh nyaéta galur anu lempeng atawa mérélé. Éta hal katitén tina unggal kajadian-kajadian jeung peristiwana anu ngaruntuy. Téhnik pengeplotan anu digunakeun ku pangarang dina ieu novel téh ngawengku opat, nyaéta *backtracking*, *foreshadowing*, *suspense*, jeung *conflict*. *Backtracking* dina ieu novel téh katitén waktu Wirautama (ramana Yogaswara) nyaritakeun kahirupanana jaman baheula, waktu jeneng kénéh di padaleman Suniawenang. *Foreshadowing* dina ieu novel téh katitén waktu ayana pembayang carita atawa dongéng aksara cacarakan jeung ngimpina Yogaswara. *Suspense* dina ieu novel téh dibagi jadi opat, nyaéta waktu Yogaswara katétér ku musuh, waktu Nagara Tengah diranjah ku musuh, waktu Yogaswara dipitnah salingkuh jeung Nyi Ratnawulan, jeung waktu Yogaswara disingkurkeun tur aya nu rék ngabunuh. Tina opat tegangan anu bieu ditataan, tegangan anu pangluhurna kapanggih waktu Yogaswara dipitnah salingkuh jeung Nyi Ratnawulan. *Conflict* dina ieu novel téh salasahijina nyaéta waktu Wirautama indit ngabuniaga ka Nagara Tengah. Lian ti éta kapanggih waktu Yogaswara dituding salingkuh jeung Nyi Ratnawulan.

Tokoh-tokoh anu aya dina ieu novel téh jumlahna aya 42 tokoh, sedengkeun anu jadi tokoh utamana nyaéta Radén Yogaswara. Latar waktu anu aya dina ieu novel téh saperti wanci pecat sawed, pasosoré, rebun-rebun, jrrd. Latar tempat anu aya dina ieu novel téh ngagambarkeun kaayaan patempatan mangsa abad ka-17, saperti ayana padaleman, Nagara Tengah, alun-alun, pilemburan, jrrd. Saterusna aya latar sosial, latar sosial anu digunakeun dina ieu novel téh nyaéta latar sosial anu nuduhkeun kaayaan dina mangsa abad ka-17, waktu Mataram ngaranjah Tatar Pasundan. Éta hal bisa katitén ku ayana tingkatan sosial, atawa stratifikasi sosial. Dina ieu novel kapaluruh ayana tilu tingkatan sosial, nyaéta tingkatan ménak atawa pamong praja, tingkatan menengah atawa pasantré, jeung tingkatan cacah atawa masarakat. Judul ieu novel téh luyu pisan jeung jalan carita anu dijieun ku pangarang, nyaéta *Mantri Jero*. Saupama dipaluruh, éta judul téh miboga tilu tingkatan ma'na, nyaéta ngeunaan kasabaran, prosés atikan kapamingpinan, jeung kajahatan ogé bebeneran.

Saterusna, puseur implengan anu digunakeun ku pangarang dina ieu novel nyaéta puseur implengan jalma katilu-teu kawatesanan. Éta hal bisa katitén tina carita anu ditepikeunna. Pangarang leuwih bébas nyaritakeun tokoh, jeung kajadian-kajadian anu kaalamana. Anu pamungkas nyaéta gaya basa. Gaya basa anu digunakeun ku pangarang dina ieu novel téh sacara husus kabagi jadi opat, nyaéta gaya basa anu digunakeun ku ménak Sunda, gaya basa anu digunakeun ku ménak Jawa, gaya basa anu digunakeun ku abdi-abdi Dalem, jeung gaya basa anu digunakeun ku rahayat atawa cacah, tapi sacara umum gaya basa anu digunakeun dina ieu novel téh nyaéta gaya basa kadalon, silib, ébréhan, ngasor, jeung rarahulan.

Karakteristik kapamingpinan Sunda nu aya dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira téh lengkep, ti mimiti parigeuing, dasa pasanta, pangimbuhning twah, jeung kapaluruh ayana hiji karakter anu asup kana opat panyaraman. Sok sanajan dina ieu novel kapaluruh ayana karakter humandeuar nu aya dina opat panyaraman, tapi éta hal téh teu nyababkeun karakter Yogaswara goréng, sabab éta sipat téh kapaluruh waktu Yogaswara leutik kénéh, can boga pamikiran anu asak, jeung can sawawa.

Tina karakteristik kapamingpinan Sunda anu kapaluruh, tuluy dipasing-pasing dumasar ajén étnopédagogina, nu ngawengku pengkuh agamana, luhung élmuna, jembar budayana, jeung rancagé gawéna. Karakteristik kapamingpinan Sunda nu kaasup pengkuh agamana, nyaéta asih, karunia/karunya, emét, imeut, rajeun, leukeun, morogol-rogol, jeung karawaléya. Saterusna, anu asup kana ajén étnopédagogi luhung élmuna, kabagi jadi tilu, nyaéta parigeuing, guna, jeung cangcingan. Karakteristik kapamingpinan anu kagolong kana jembar budayana, nyaéta ramah, nyecep, patriotik, widagda, jeung gapitan. Anu pamungkas, karakteristik anu asup kana golongan rancagé gawéna, nyaéta hook, pesok, mukpruk, ngulas, ngala angen, pakapradana, jeung langsitan.

Jadi sabada dipaluruh jeung dianalisis, ahirna bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh miboga struktur carita nu lengkep, ti mimiti témania, fakta caritana, jeung sarana sastrana. Saterusna karakteristik kapamingpinan Sunda anu nyampak dina diri Yogaswara ogé kawilang lengkep, tur bisa disebutkeun yén Yogaswara téh mangrupa salasahiji conto pamingpin Sunda anu hadé tur hébat,

ogé bisa dijadikeun conto keur pamingpin-pamingpin séjénna dina jaman kiwari. Salian ti éta, dina ieu novel ogé kapaluruh ajén-ajén étnopédagogina, anu dipasing-pasing dumasar karakteristik kapamingpinan Sundana.

### **5.2 Implikasi**

Dumasar kana hasil analisis anu geus dilaksanakeun. Ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang pamaréntahan, hususna anu patali jeung élmu pulitik pamaréntahan atau kanagaraan tur patali jeung kapamingpinan. Dina widang sosial anu patali jeung kamasarakatan. Saterusna, dina widang paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran paélmuan dina widang sastra, hususna ngeunaan ulikan struktural, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogi dina karya sastra.

### **5.3 Rékoméndasi**

Tina ieu hasil panalungtikan, kapaluruh ayana sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, pikeun guru, jeung masarakat umum. Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar sarta dipiharep bisa nganalisis ieu novel sajarah *Mantri Jero* ngagunakeun pamarekan nu séjénna. Pikeun guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan, tur dijadikeun rujukan, atawa tatapakan, ogé pilihan dina nangtukeun bahan bacaan nu ngandung ajén-ajén kahirupan anu hadé. Saterusna, pikeun masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sastra, hususna anu aya patalina jeung kapamingpinan, pamaréntahan, pulitik, ogé karakter-karakter anu hadé nu kudu nyampak dina diri saurang pamingpin.